Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№ 34 (7538)
25 август
Хамиз
2022 сон
sadovoduns@yandex.ru
Багьа эркенаб

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

Данделъи

## Лъай кьеялъул масъалаби



24 августалда районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовасул кабинеталъуб букIана районалъул лъай кьеялъул отделалъул хIалтIухъабазул данделъи. Гьенир гьединго гIахьаллъана бетIерасул замал Къ-М. ХIасанов ва М. ХIамзатов. Данделъиялда гьоркьор лъуна цебе бугеб педагогазул августалъулаб совешаниялде хIадурлъиялъул суал.

Данделъиялда ГI. НурмухIамадов хъатIана районалда ругел кIвар цIикIкIарал захIмалъабазда. Гьениб чIванкъотIун бихьизабуна кинаб букIаниги загIиплъи букIине бегьуларин лъималазе хинаб квен чIезабиялда хурхун. «Дие бищунго кIвар буго лъималазе кьолеб кванил лъикIаб качество букIинабиялъул»,-ян бихьизабуна гьес.



Гьединго дандчIваялда бихьизабуна лъай кьеялъул учрежденияздa ругезе хIинкъи гьечIолъи букIинабиялда хурхун. Гьелде кIвар буссинабуна жавабияв М. ХIамзатовасул. Гьес лъай кьеялъул учреждениязда гьезул нухмалъулелги гIахьал гьарун данделъи ахIизе буго.

ГI. НурмухIамадов гIенеккана лъай кьеялъул хIалтIухъабазухъги. ХIалтIуда хурхун дандчIвалел суалазул дандрана гьез бетIерасулгун.

Ахиралда ГI. НурмухIамадовас лъай кьеялъул хIалтIухъабаздасан тIалаб гьабуна хIалтIул качество борхи, отделалъул начальникасул ишал тIуралев М. МухIамадовасдасан отделалъул ва лъай кьеялъул хIалтIухъабазул хIалтIуда хадуб кидагосеб хъаравуллъи букIинабизе т1ад къана.

Терроризм

## Хвасарлъи цIодорлъиялъулъги букIуна



Гьал къоязда «Унсоколо район» МОялъул администрациялда букIана терроризмалде данде чIараб комиссиялъул иргадулаб гуреб данделъи. Гьеб байбихьулаго жиндарго кIалъаялда муниципалитеталъул бетIер ГI. НурмухIамадовас бихьизабуна: «ЦIияб цIалул сон байбихьизе дагьалго къоял хутIун руго ва нилъер районалдаса органаз ралагьулел ругел терроризмалде-экстремизмалде цIайи бугел 66 чи вукIин хIисабалдеги босун, тIадаб буго тIоритIулел тадбиразда цIодорлъи букIинабизе. Нилъер районалдаса гьединал гIадамал руго ГIагараб Востокалъул улкабазда, Украиналда унеб рагъулаб ахIвал-хIал нилъеда лъала. Гьединлъидал кинабго къуват рехизе хIажат буго лъай кьеялъул объектал букIине кколедухъ цIуниялде. Гьелдаго цадахъ цIунизе ккола кIвар бугел киналго инфраструктураялъул бакIал»,-абун.

Гьенибго бетIерас лъай-хъвай гьабуна лъабго кIвар бугел суалал гьоркьоре рачараб къойил темаялъулгун.

I. Муниципалитеталъул лъай кьеялъул учреждениял терроризмалъул хIинкъи букIиналдаса цIуни.

2. НАКалъул, РДялъул АТКялъул ва МОялъул АТКялъул хIукмаби тIуравлда хурхун.

3. Лъаязул Къо I сентябралда ва терроризмалде данде кьеркьеялъул Къо 3 сентябралда хурхун гIемер гIадамал ракIарулел бакIазда терроризмалде данде чIараб хIинкъи гьечIолъи букIинабиялъул рахъалъ.

ТIоцересел кIиялго суалаздасан кIалъа на общественнияб хIинкъи гьечIолъиялъул рахъалъ бетIерасул зам. – М. ХIамзатов. «Гьаб соналда тIадеги видеонаблюдениял лъун руго чанго школалда. Масала, Шамильхъала, Унсоколо № 2, Зирани гьоркьохъел школазда, Унсоколо бугеб «Ласточка», Рихьуни - «Фиалка» ясли-ахакь.

ЦIа ккеялдаса цIуниялъе пульталги ру гел ЕДДСалде сигнал бачIунеб установкаби лъун руго I2 объекталда, гьеб хIалтIи тIубанго гьабун рагIалде бахъине буго сентябралъул ахиралда. Гьединго хал гьабулаго баянлъана къасисеб канлъи чIезабиялда г1унгут1аби рук1ин, гьел лъуг1изариялде к1вар кьезе буго. Охрана бугеб бакI сверун къаялда ругел гIунгутIаби лъугIизаризе руго цIалул сон байбихьилалде,-ян бихьизабуна жиндирго кIалъаялда М. ХIамзатовас.

Данделъаялда хIисабалде босана лъай кьеялъул объектазда цере ругел инженерниялгун техническиял жал хIалтIулел ругищали хал гьаризе. Кинабго рахъ хIисабалде боси, щибниги ккани эвакуация гьаби битIун гIуцIиялде кIвар буссинабуна.

ЦIалул сон байбихьилалде кинабго рахъалъ хIадурго ва цIодорго букIине ккола хIалтIулаб персонал, хасго терроризмалдаса объектал цIунулел. Гьединго хIукму гьабуна терроризмалъул хIинкъи букIунгутIиялъул иш тIаде кколезулгун тренировкаби, инструктаж гьабиялъе.

**Ахихъан**

Районалъул газета
№ 34 (7538)
Хамиз
25 август 2022 сон



Дагъисталалъул БетIер С. Меликовасул буго гьанжего гьанже рукIалиде ккезабураб официалияб сайт. Гьелда руго гIемерал рубрикаби, республикаялъул аслиял харбал. Гьенибго буго «Пресс-центр». ХIалтIулеб буго «Документы» абураб бутIаги.
Сайталъул аслияб аспект ккола гьанже щивасе рес буго битIахъего республикаялъул БетIерасухъе кIалъазе. Гьелъие аслияб гьумералда квегIаб рахъалда тIадехун бокIнилъ бугеб ссылкаялда рачIине ккола.



Тарих: имам Шамиль гьавуралдаса - 225 сон

# Гъуниб ккараб рагъ

**Исана 225 сон тIубала бацIцIадаб ислам-диналъе гIоло 25 соналъ ритIухъаб къеркьей гьабурав, нилъер ракьцояв имам Шамиль гьавуралдаса. Гьелда хурхун жакъа нижеца кьолеб буго ГIахьалчIиса МуртазагIали ХIажиясул «Гъазаватал» абураб тIехьалдаса бутIа**

Имам Шамиль гьижра гьабун Гъуниб магIарде ана. Гъуниб мегIер буго рорхатал гьаваялде арал мугIруз сверун ккураб, жибгоги борхатаб мегIер. Гьенив тIад гъунисездасанги мугьажирзабаздасанги щунусго гIанисев рагъухъан гурони данделъичIо. Имамасулгун къотIи-къаялда рукIарал гIемерисел божарал чагIи гьесие хилиплъана.

Цинги ракълилаб нухалда капурзабаз гьесул тIолабго пачалихъалда квершел гьабуна. ГIицIго Сагъри-кьода дагьа-макъаб тунка-гIуси ккун гурого, тIокIаб рагъги ккечIо. Гьелъие гIоло имам Гъуниб магIарда рештIана. Гьез мегIералъул гIорхъабиги нухалги къана ва тушман вачIиналда хIинкъи бугел бакIалги рагIаллъабиги цIунана. Гъуниб магIарда ругезда тIад тун вукIана къвакIарав, бахIарчияв наиб, къадрувяв гIалимчи, Хунзахъа Инкувачиласул вас Дибир (Гиничукьа). Гьев вукIана рагъул ишалда хадув гIунтIарав, сихIирав бетIер. Цинги Дагъисталалъул киналго рахъ-рахъазда рукIаралщинал: бусурманав, капурав, жугьутIав, насраниияв, гIурусав, гуржияв батIа гьавичIого-киназго гьел сверун ккуна.



Тушбабаз мегIералъул рахъ-рахъалъан жидеего тIаде рахине бигьаяб гIадинаб бакI балагьулеб букIана. Цинги гьел жидеего тIаде рахине рекъон ккараб, хъаравуласда гIицIго кьурул хъвалхьиялде тIаде ккана. Сардилъ кварил малазул кумекалдалъун гьениса тIаде мугIрузул тIогьал цIурал, гIемерал чагIи рахана. Бусурбабаз хIалкIвараб куцалда гьездехун рагъ гьабуна, цинги, Гъунире нахъруссин гурого, гьезда гьабизе кIолеб жо букIинчIо. Гьел жидер цIунараб бакIалдасан росулъе нахъ руссана. Имам Шамиль, мажгиталдеги лъугьун, хвалил рачелги щулаго къан, Аллагьасул нухда хвезе хIадурлъана. Амма инсан, Аллагьасе бокьани гурони холаро. Гьеб мехалда сардарасул рахъалдасан гьесухъе, рекъел-маслихIат тIалаб гьабун, вакилзаби хьвадана. Имам руччабазги лъималазги гьаризегIан, гьеб къабул гьабизе гIагарлъичIо. Цинги гьезда гурхIун, жинца хъизангун цадахъ исламияб улка (Дагъистан) телин абураб шартIалда рекъелги гьабун, имам хъанчие лагълъи гьабулеб агьлуялъе мукIурлъана. Гьениб бихьиназулги руччабазулги лъикIаздасан гIемерав чиги шагьидлъана.

Цинги капурзабаз муъминзабазул амирасда кверщел гьабидал, нагIана батаяв сардарас къотIиги хвезабун, хиянат гьабуна. Сардарас имам хъизангун цадахъ Петербургалде витIана. Гьелъул хIасилалда исламалъул моцI тIерхьана, халкъалда тIад бецIлъиги тIибитIана. ГIадамалхIайранлъун, къиямасеб къоялъул риха-хочиялъулъ ругел мехтарал чагIи гIадин лъугьун рукIана. Гъазизабаз хвалчаби лъалинир лъуна. ШаригIаталъул иш чIунтизе рекIана. Кинавниги бахIарчияв рагъухъан балъголъиялъул бокIналъ вахчун чIана. Кинавниги мунапикъасги исламалдаса араси тIасаго унареб ханлъиялда кверщел батараб гIадин бетIер эхеде борхана. Воре сабруялда тIадчIей гьабе, ле, муъминзаби,-ян абулеб букIана гIадамаз. Нилъ киналго Аллагьасул лагъзал руго ва нилъ гьесде руссинеги руго.

**(Гьаб иш ккана азаралда кIинусиялда лъабкъоялда анцIила анкьабилеб соналъул аваладда (I859).**

Исламалъул гIалимчи

# Рихьуниса ХIажимухIамад

XIX гIасруялъул тIоцебесеб бащалъиялда Кавказалъул магIарулаз гьабураб гъазаваталъул машгьурал церехъаби имам ГъазимухIамадилги, имам ХIамзатилги, имам Шамилилги цIар рагIарал мугIалимзабазда гьоркьов рехсолев кIудияв гIалимчи ккола Рихьуниса ХIажимухIамадги. Гьел мугIалимзабазда гьоркьоса цо-цоязул кIвар цIакъго цIикIкIинабун хъвалеб бугониги, Рихьуниса ХIажимухIамадил цIар рехсей гуреб, гьесул хIакъалъулъ тарихияб литератураялда баяналго гьечIин абизе бегьула. Гьединлъидал доб заманалъул цIар рагIарав мугIалим ва кIудияв гIалимчи Рихьуниса ХIажимухIамадил хIакъалъулъ гIадамазда, хIатта гьесул росуцояздацин лъалеб жо гьечIо цIакъго дагь гурони.

ЧIохъа ХIажигIалил ва цогидазулги тIахьазда дандчIвала ХIажимухIамад имам Шамилил мугIалимлъун вукIанин абулел бакIал. Амма гьел тIахьазда ратуларо гьев имам ГъазимухIамадилги мугIалимлъун вукIиналъул хIакъалъулъ бицунеб бакI. МагIарухъин абуни, гьеб гIадамаз бицунеб хIужалъун букIун буго.

ГъазимухIамадил мугIалимзабаздаги мударисаздаги гьоркьоса яги ХIажимухIамад яги МухIамадхIажи, яги кIудияв Дибир абурал батIи-батIиял цIаразда гьоркь халкъалда жанив машгьурав гьев рихьунисев хутIана имамасулгун дагIба-рагIи яги тушманлъи ккечIевлъун. ГъазимухIамад имамас шаригIат лъезе ва гъазават гьабизе байбихьидал гьезул гIемерисез имамасдаса рикIкIад чIезе къасд гьабуна. Лъалеб букIахъе, ГьаракIуниса СагIидги, Генуса Давудилавги, ХIариколоса Лачинилавги, Ярагъиялдаса МухIамадги, Гъазигумекиса Жамалудинги байбихьуда разиял рукIинчIо тIоцевесев имамасул ишаздаса ва гьезул цо-цоял гьесда данде рахъана. Гьелъул хIасилалда, масала, Давудилав чIвана. ГьаракIуниса СагIид шамхаласухъе лъутизе ккана.

ХIажимухIамадицайин абуни тIоцересел къояздасанго рахъ ккуна имам ГъазимухIамадил, цин хьиндалазул эркенаб жамагIаталда жаниб, цинги цогидал бакIаздаги тIибитIизабизе лъугьараб бацIцIадаб шаригIаталъул. Гьединлъидалин рихьундерил жамагIат ГъазимухIамадил тIоцересел галабаздасан байбихьун Кавказалъул рагъ ахиралде щвезегIан, лъабавго имамасул магъчIвалеб бакIлъун букIараб. Гьебин абуни букIана рихьундерил къимат тIокIав гIалимчи ХIажимухIамадил баракатлъун.

КъучI гьечIого гуро имам ГъазимухIамадица Генуб росдадасаги Агъачхъалаялдасаги хадуб, жиндирго чIолеб бакIлъун Рихьуни росу бищараб. Гьеб букIана тIоцевесев имамасул ахирисеб чIолеб бакI, гIун бачIунеб цIияб шаргIияб хIукуматалъул (имаматалъул) иргадулаб тахшагьар.

Рихьуниса ХIажимухIамад имам ГъазимухIамадиеги Шамилиеги цIакъ хирияв вукIана. Гьезул лъабазулго бицунеб рагIиги гьабулеб ишги кидаго данде кколаан. Жидерго мугIалимасулгун гьез кидаго гIакълуги данд балаан. Доб заманалда ХIажимухIамад вукIана Рихьуни росдал къадилъун. Имамзабазда цадахъ гьес гIахьаллъи гьабулаан гIурусазул хъамалчагIазде данде гьарулел рагъазулъ. ХIажимухIамадил хъизан-лъималги сундулъго ва кидаго имамзабазул рахъалда, гьезда цадахъ рукIунаан.

Гиничукьа ХIайдарбег-хIажиясул тIехьалда бугеб цо документалда дандчIвала Рихьуниса МухIамадкъади, ай ХIажимухIамадил вас МухIамад I248, I832-33 соназда шагьидлъиялъул хIужа. Гьев шагьидлъун ватизе ккола I832 соналъул I7 октябралда гендерил къварилъухъ ккараб рагъулъ. Лъалеб букIахъе, имам ГъазимухIамад, цадахъ божарал гьалмагъзабигун, гьениве вачIана. Рихьуниса ва живгоги гьенив шагьидлъана. Рихьуниса ХIажимухIамадил вас, гIалимчи МухIамад шагьидлъизе рес бугеб рагъ гьелдаса хадуб, I248 сон лъугIизегIанго букIинчIеблъи бихьула Къарахъа МухIамадтIагьирил хъвай-хъвагIаялдасан.

Тарихалдасан нилъеда лъала, I832 соналъул октябралдаа гендерил къварилъухъ букIараб гIасияб рагъдаса чIаго ворчIарав Шамил, гIемерал ругънал щун, захIматго лъукъун вукIин. Гьел ругъназдаса сахлъаравго, гьев ана Балахьуниве, доб мехалда гьенив гIумро гьабулев вукIарав жидерго устар МухIамад Ярагъиясда, гьесул дурц ГъазимухIамад шагьидлъиялда бан зигара базе ва имамасул къороллъарай лъади ХIапизатихъе щвезе. Рихьундерил биценазда рекъон, Шамил Балахьуниве устарасухъе иналде цин Рихьуниве щун вуго ва гьенив чIун вуго. Гьебги батизе ккола жиндирго машгьурав магIалим ХIажимухIамадихъе вас МухIамад шагьидлъиялда бан зигара базе бухьараб зиярат.

Рихьуниса ХIажимухIамад гIицIго гIалимзабазда гьоркьов гуребги, тIолго магIарулазул халкъалда жанибго кIудияб къадру бугев, жиндихъ гIадамал гIенеккулев гIалимчи вукIиналъе гьелъги нугIлъи гьабула.

Ахихъан
Районалъул газета
№ 34 (7538)
Хамиз
25 август 2022 сон



Садовод





# Как избежать пожара в школе

1 Необходимо всему персоналу образовательных учреждений и учащимся соблюдать правила пожарной безопасности.

2 Необходимо следить за тем, чтобы на территории школы не скапливались различные горючие отходы (мусор, старые парты, столы, стулья, сухие листья и т.д.). При пожаре этот легкогорючий мусор будет способствовать распространению горения на школьные постройки.

Иногда после очистки примыкающей к школе территории от опавших сухих листьев их сгребают в кучи. Раньше их сжигали, что вело к пожароопасной ситуации: тлеющие листья ветром могло занести на кровлю здания или в слуховые окна, с образованием очагов горения. В соответствии с законодательством сжигание листвы и мусора запрещено, т.к. помимо создания пожароопасной ситуации это ведет к повышению углекислого газа в воздушной среде, усилению парникового эффекта и глобальному потеплению. (Федеральный Закон № 89 от 24.07.1998 г. «Об отходах производства и потребления).

2 Не менее важно осуществлять контроль за состоянием дорог, проездов и подъездов к школьным зданиям, следить за тем, чтобы они не загромождались автотранспортом, а в зимнее время регулярно очищались от снежных заносов и льда. Делается это для того, чтобы пожарные автомобили имели возможность беспрепятственно проехать на территорию школы.

3 Если пожар принял большие размеры, пожарные используют местные водоисточники: водоемы, пруды, резервуары, водопроводы с сетью пожарных гидрантов. За этими водоисточниками должен быть обеспечен соответствующий досмотр и уход.

Необходимо следить, чтобы крышки смотровых колодцев подземных пожарных гидрантов не были засыпаны землей и мусором, покрыты льдом и снегом, а на стене ближайшего строения был указательный знак гидранта с цифрами, обозначающими координаты расположения гидранта относительно строения.



Порядок эвакуации из образовательных учреждений

В каждой школе разрабатывается и вывешивается на видном месте план эвакуации людей при пожаре.

Если в школе возникло загорание необходимо, в первую очередь, вызвать пожарную охрану и быстро организовать эвакуацию всех школьников.

Малейшая растерянность, паника могут привести к непоправимым последствиям.

В плане эвакуации отражают вопросы оповещения педагогов и учащихся о Практика показывает, что при пожаре не всегда удается вывести людей наружу по лестницам. Нередко люди спасаются, выходя на крышу здания.

Кроме маршрутов движения, обозначают места нахождения ручных пожарных извещателей, огнетушителей, пожарных кранов, других средств противопожарной защиты, телефонов.

Графическую часть плана эвакуации в рамке под стеклом вывешивают на видном месте, обычно при входе на этаж. Текстовая часть плана эвакуации утверждается руководителем объекта и представляет собой таблицу, содержащую перечень действий при пожаре, их порядок и последовательность, должности и фамилии исполнителей. Предписываемые действия должны быть тщательно продуманы и конкретно указаны.

При пожаре нужно в считанные минуты попытаться оказаться на улице или хотя бы в помещение, где есть возможность дышать свежим воздухом. Интенсивное образование продуктов горения (дым, пары) и быстрое их распространение по помещениям и путям эвакуации происходит уже в начальной стадии пожара. В этой ситуации концентрация СО предельно опасна для человека, когда достаточно нескольких вдохов, чтобы потерять сознание. Передвигаться сквозь густой дым (при видимости менее 10 метров) можно только в том случае, если вы уверены, что расстояние небольшое и вы сможете задержать дыхание на этой дистанции, а также не потеряете ориентировку и не зацепитесь за что-то одеждой.

**С уважением**
**Начальник ОНД и ПР № 4 по г. Буйнакск, Буйнакскому и Унцукульскому районам**
**А.Г. Тагиров**

# О вреде аборта и планирование беременности

Аборт – единственная операция, целью которой не является излечение болезни. Аборт –это искусственное или самопроизвольное прерывание беременности с высоким риском осложнений для здоровья женщины.

Россия стала первой страной в мире, разрешившей в 1920 году аборт. Многие женщины думают, что зародыш в ранних сроках ещё не одушевлен и его можно убрать с помощью аборта. Они заблуждаются. Прерывая беременность, женщина рискует своим здоровьем, будущим материнством и своим женским счастьем. Каждая повторная операция многократно увеличивает этот риск!

Вред от прерывания беременности поистине всесокрушающий! При резком прерывании беременности в нервной и гормональной системах наблюдается сбой нервного и гормонального плана. Это сказывается на менструальном цикле и на работе яичников. Но, помимо самих яичников, происходит нарушение в работе таких важных органов, как щитовидная железа, надпочечники, гипофиз. Наступает дисбаланс гормональной, иммунной, почечно-печеночной функций, регуляции артериального давления, объема циркулирующей крови.

Женщина становиться раздражительной, ухудшается сон, повышается утомляемость. Запоздалой расплатой за аборт может стать бесплодие, а также можно ожидать обострения тех «болячек», которые уже имели место быть.

Любой женщине следует запомнить, что не может пройти ни один аборт, не оставив последствий, губительных для женского здоровья.

Что нужно делать, чтобы не возникла угроза аборта. Необходимо обратиться в кабинет планирования семьи, чтобы получить полную информацию о мерах по профилактике абортов и подобрать методы предохранения. Всегда нужно помнить – лучшей профилактикой абортаявляется предупреждение самого аборта. Планирование беременности - комплекс профилактических мероприятий, направленных на снижение рисков рождения ребенка с врожденными заболеваниями, а также уменьшения числа осложнений во время беременности и родов у будущей мамы.

Благодаря планированию будущие матери имеют возможность максимально исключить возникновение возможных осложнений в ходе всего срока и повысить вероятность рождения ребенка без патологий и недугов. Начать посещение врачей необходимо с гинекологического кабинета, где врач ознакомится с медкартой беременной, в которой указаны: предыдущие беременности, аборты, применявшиеся ранее виды контрацептивов, а также перенесенные и имеющиеся заболевания. При выявлении симптомов заболевания, гинеколог может отправить пациентку к профильному специалисту.

## Берегите свое здоровье

Уважаемые жители и гости пребывающие на территории Унцукульского района!

В эту летнюю погоду всегда приятно окунуться в прохладную воду и спрятаться от жары.

Однако зачастую люди забывают о мерах безопасности и купаются в не предназначенных для этого местах.

Чистая на первый взгляд вода может оказаться рассадником серьёзных заболеваний.

В связи с этим просим вас, во избежание несчастных случаев, а так же заражения инфекционными паразитарными заболеваниями не игнорируйте знак «Купаться запрещено».

Берегите свое здоровье.

Данделъи

## Лъай кьеялъул суалгун



Гьединго гIахьаллъи гьабуна УВРалъул рахъалъ школазул директоразул заместителазул координатор, ИМЦалъул заведующая З. Садрудиновалъ, ЭГЭязул рахъалъ инструктор ГI. МухIамадгIалиевас, аслиял предметазул рахъалъ методист А. МухIамадгIалиевалъ, отделалъул специалист М-ХI. ГIабдурахIмановас.

22 августалда лъай кьеялъул отделалъул начальникасул ишал тIуралев М. МухIамадовас тIоцебесеб хIалтIулаб данделъи тIобитIана. Гьенир гIахьаллъана цIалулгун тарбия кьеялъул рахъалъ директорасул замалги.

Къойил темаялда рукIана 2021-2022 цIалул соналъул планал, бицана ВПРалде хIадурлъиялъул, лъай кьей лъикIлъизабиялъул ва цогидалги суалазул.

Динияб мажлис

## Берцинго тIобитIараб тадбир

Дагъал церегIан къоязда, рузман къоялъ Унсоколо аслияб мажгиталда рохалилаб ахIвалхIалалда тIобитIана кIудияб кIваралъул тадбир. Хасго гьеб къоялъ рузманалде рачIун рукIана гIемерал гIадамал: гIисиналги, гьоркьохъеб ва чIахIияб гIелги. Рузман бан бахъингун росдал имам МухIамадов Дибирица киназдаго лъазабуна дагьаб мехалъ лъалхъеян. Имамас баян гьабуна каникулазул заманалда мадрасаялда цIалулел рукIанин 250 гIанисеб лъимер: I30 васги, I20 ясги. Гьезие тарбия-лъай кьолел росдал I0 гIанисев мугIалимги вукIанин. Аслияб къагIидаялда лъималазда гьаниб малъулеб букIана иман, ислам, ихIсан, какие чуризе, как базе, гьединго аваразул тарих. Малъаралда рекъон гьениб тIоритIун руго къецалги, лъабго гIелалда гьоркьоб.

Дибирас цо-цоккун ахIана цересел бакIал ккурал лъимал жамагIаталда цере ва кьуна гьезие ккурал бакIазда рекъон шапакъатал ва дипломал. Хадур цере ахIана гьезие дарсал лъолел рукIарал мугIалимзабиги. Имамас хасго гьениб бихьизабуна лъималаздехун мугIалимзабазул букIараб тIалаб-агъазалъул, лъикIаб бербалагьиялъул, тIалабчилъиялъул. МугIалимзабазеги кьуна сайгъатал. Хадубги имамас цере ахIана гьеб тадбир тIобитIизе квербакъарал, сахаватал гIадамал, узухъда гьезиеги кьуна шапакъатал.

Дида гьедин берцинго тIобитIараб мажлис жеги бихьун букIинчIо. Гьелдаса хасго цIакъ рохана лъимал, мугIалимзаби, квербакъарал, рузманалде ракIарараЛщинал, учительзаби, росдал жамагIатго. Гьединго ясазеги кьезе рихьизаруна шапакъатал. ЦIалулел рукIаралщиназе сертификаталги кьуна.

Имамлъун дагьаб заман гурони бан гьечIониги Дибирас цIикIкIараб хIалтIи гьабулеб буго, хасго гIолилазда гьоркьоб. Зама-заманалдасан хьвадулев вуго школазде, ясли-ахазде, идарабазде. Гьеб тадбирги буго гьесул жигарчилъиялдалъунги бажариялдалъунги тIобитIараб.

Аллагьас къуват кьеги имамасеги, мугIалимзабазеги, школазул учительзабазеги дандрекъон, цоцалъ гъункун лъималазе тарбия-лъай кьей бачине.

АбичIого гIоларо; хIажат буго лъималазе тарбия кьеялъулъ чIахIиялги гIахьаллъизе, гьезул малъа-хъваял, хIалбихьиял кьочIое росизе. Аллагьас къуват кьеги киназего лъикIаб гьабизеги, квешаб тезеги!

**С. МУХIАМАДОВ.**
***Нижер мухбир.***

Психология: пайдаяб малъи

## Чиясда тIад - рагIул асар

I. РекIелъе биччан гIенекке дуцаго абулелъухъ. Дуцаго бицунеб хабаралъул лъикIаб гьечIеб магIна халлъани, гьеб бакIалдаго хисизабе, квешаб хабар рагIани, щивасда бицунге гьеб, хIаракат бахъе бачIинахъего гьеб кIоченабизе. ЛъикIаб хабар рагIани. киназдаго бице. КIочон тоге квешалъги лъикIалъги нервабазе асар гьабулеблъи.

2. Гьединго дурго рагIабазда гьоркьоса нахъе босе «гьадин букIине ккола» абурал рагIаби. Пашманал эмоциязде гъоркье ккезе чIоге. Абуге «дун хIалтIуде ине ккола»,-ян. Гьелъул бакIалда абе «Дун хIалтIуде унев вуго»,-ян. ГIемер хIалтIизабуге «амма» абураб рагIи, гьелдалъун нилъеца къварилъиялда уна. Те кинабго заманаялъ битIизабилилан.



3. Дандиясда нилъеца гIемер абула «гьаб, доб гьабизе кIочонге»,-ян амма кIочана… Гьединлъидал абе «пожалуйста, ракIалда чIезабе»,-абун.

4. Кьижилалда цебе кинал пикраби нилъехъе рачIунел? Гвангъарал, пайдаял метерисеб къоялъул ургъел, гIарцул къварилъи. Лъицаниги мун тIамизе гьечIо кьижилалда цебе лъикIал пикраби гьаризеги. Гьединаб сабру хвараб хIалалда кьижани, кинаб гIодобе биччай чиясе букIинеб? Амма регизе бегьула пикраби кумекалъе рачун: «радал мех сардидаса гIакъилаб буго»,-абураб. ГIемерисеб махалъ макьабазги бицуна захIмалъаби тIуразе лъикIаб куцалъул.

5. Радал рахъаралго нилъ гьавабакъалде рагъула, кинабгIаги чорхолъ ругел унтабазул ургъелал гьарула, лъималазде ахIдола; хехго тIаде рахъа,-ян. Суал кьуни, цIикIкIунисез къо байбихьун батула ургъелабаздасан. Гьедин байбихьани тIубараб къоги лъазабула данде кколареб информациялъул.

6. ГIумро радалго лъикIаб рахъалъ бихьизе хIалбихье. Гьедин гьабуни нужеда кинабго рахъалъ лъикIаб цIилъи чIвазе буго. Мунгоги аскIор ругел цIакъго какизе жуваге, гIуцIуге судилище, гIемер ракI бакъвалел харбал рицунге, лъикIалде анищал гьаре.

7. Аб, доб бицунеб мацIихъанлъи лъугIизе те. Амма гьеб гIамал тезе цIакъ захIмат букIуна. Дуца гIадамазда нахъасан гаргади течIони, гьебго жо дуда нахъасанги гьабула гьез. Бекьарабин бижулеб…

8. Дуего гIодобе биччараб ахIвалхIал бокьун батани, тIуразаре гьал упражнениял. Мунго кIалъалаго аскIоб телефонги лъун запись гьабе бицунелъул. Хадув гIенекке гьелъухъ. Хал ккве интонациялъухъ, хъвай чанго нухалъ дуца такрар гьарурал рагIаби. Гьедин гьабуни дуца хадубккун хал ккквезе буго дуцаго бицунелда хадуб. Гьедин дурго сахлъиялъе зарал кколел психическиял жал лъугIизаризе кIола.

9. Дуца дурго характеристикаялъе мискинал, пакъирал пикраби тIаса рищулел ругони, подсознаниялъ хIукму гьабула дуе кинабго гьедин букIине бокьун бугин. Дудаго тIад хIалтIун бицунеб хисизабичIони, даимго гьедин хутIизеги рес буго. Подсознаниялъ абуни дуе лъикIаблъун бихьизабизе буго данде кколеб къагIида.

Дуца гIемерисеб махалъ «Дун йигей херайги гIадалайги гIадан щий»,-ян гIемер абулеб бугони, подсознаниялъ гьеб ккола. КигIаналиго заманаялдасан дуда рекIелъе рештIинабизе буго «мун херайги гIадалайги» йигин ва гьединайлъун хадуйккун лъугьиналъе гьелъ асарги гьабизе буго.

РакIалде ккоге кин бугониги кинабго дурго кверзукьа борчIанин. Подсознаниялъ квербакъула дуца дурго рахъалъ бугеб пикру дуца хисизабуни, дагьабгIаги дур гIумруялъул хадусеб ахIвал-хIал хисизе гьелъ ресги кьола.

**Т. С СИВАЛЬЧУК – психолог**
**Интернеталдаса босараб**

Газета основана 1937 г.

УЧРЕДИТЕЛЬ: Администрация Унцукульского района

Главный редактор

КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД

Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.

Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.

Адрес редакции:
51373
Унцукульский район
п. Шамилькала
ул. М. Дахадаева 3
Телефон редактора
89896522856
sadovoduns@yandex.ru
398940

Адрес издателя и типографии
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать - 25 . 8. 2022 г. 16. 40
фактически -14. 20 мин.
........................................
Газета выходит 52 раз в год на аварском и русском языках
Тираж - 988 экз.